

**NGALARAPKEUN MÉDIA WORDWALL DINA PANGAJARAN NULIS  
TÉKS CERAMAH PIKEUN PESERTA DIDIK KELAS XI SMA NEGERI  
10 BANDUNG TAUN AJARAN 2023/2024**

ku:

Ilda Firdausya Ainurmarshaal

205030078

**RINGKÉSAN**

Kasang tukang ayana ieu panalungtikan kusabab kurangna minat nulis, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun mekarkeun larapan média *wordwall* dina pangajaran nulis téks ceramah di kelas XI. Média *Wordwall* digunakeun minangka alat pikeun mantuan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks ceramah, katut nyoko kana aspék struktur, kaidah basa, kréatif, jeung éféktif henteuna dina komunikasi. Ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu kuantitatif dibarengan desain *pretest-posttest* pikeun ngukur bédana kamampuh nulis peserta didik saacan jeung saenggeus dilarapkeunna média *wordwall*. Sampel dina ieu panalungtikan aya 40 peserta didik anu dibagi jadi dua kelompok: kelompok ékspérimén anu ngagunakeun média *wordwall* jeung kelompok kontrol anu ngagunakeun média bagan. Hasil panalungtikan dumasar kana uji *Wilcoxon* nuduhkeun aya béda anu signifikan antara hasil diajar peserta didik nulis téks céramah dina kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* di kelas ékspérimén nya éta 48,10 nepi ka 82,20. Sedengkeun rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* dina kelompok kontrol nyaéta 51,30 nepi ka 76,25. Hasil ieu dibuktikeun ku hasil sig tina uji *Wilcoxon*. Nilai sig tina ieu tés nyaéta  $0,001 < 0,005$ , anu nuduhkeun aya hasil anu signifikan. Bisa dicindekkeun yén média *Wordwall* téh éféktif pikeun diajar nulis téks ceramah. Ku kituna, pangajaran terapan miboga hasil anu hadé.

Kecap Galeuh: Média *Wordwall*, nulis, téks ceramah